



Enfòmasyon an kreyòl  
ayisyen



U.S. Citizenship  
and Immigration  
Services

## ENFÒMASYON ENPÒTAN POU TRAVAY LEGALMAN OZETAZINI

Ou gen chans pou kalifye pou aplike pou dokiman otorizasyon travay (Employment Authorization Document, EAD) pou travay legalman Etazini si:

- Ou te otorize tanporèman pou rete Etazini gras ak pwosis tanporè pou Kiben, Ayisyen, Nikaragweyen, ak Venezyelyen, oswa apre te resevwa yon randevou sou Aplikasyon mobil CPB One nan ak te prezante Ladwàn; oswa
- Ou te aplike pou azil pandan ou te ranpli Fòm I-589, Aplikasyon pou Mande Azil epi pou Refize Depòtasyon, epi aplikasyon azil ou a te ann atant pandan omwen 150 jou.

Si ou poko kòmanse ak pwosis aplikasyon EAD a, ou kapab kòmanse ale sou **[https://myaccount.uscis.gov/users/sign\\_up](https://myaccount.uscis.gov/users/sign_up)** pou kreye yon kont Sèvis Imigrasyon ak Sitwayènte (Citizenship and Immigration Services, USCIS) anliy. Apre ou kapab ale sou **<https://www.uscis.gov/i-765>** pou ranpli Fòm I-765, Aplike pou Otorizasyon Travay anliy. USCIS ap voye EAD ou a pa lapòs nan adrès ou te bay nan Fòm I-765 si aplikasyon an apwouve.

### KREYE YON KONT EPI RANPLI ANLIY

Soumèt aplikasyon EAD ou a anliy bay enstriksyon ak konsèy ki kapab ede ki soti nan USCIS pandan ou ap ranpli fòm ou an itilize sistèm sekirite pou ranpli anliy lan. Sistèm anliy la ede w tou pou evite fè erè ki souvan fèt yo, tankou kite pati ki enpòtan nan aplikasyon an blanch oswa bliye siyen non w epi ou kapab elektwonikman telechaje prèv.

Ou kapab verifye tou estati dosye ou a anliy sou **<https://egov.uscis.gov>**. Pou plis enfòmasyon revize videyo, “Kòman pou Kreye yon Kont USCIS Anliy” nan:

**<https://www.uscis.gov/file-online/how-to-create-a-uscis-online-account>**.

Si nesèsè, ou kapab ranpli yon aplikasyon papyè pou Fòm I-765 pito olye pou ranpli anliy. Fòm nan disponib sou **<https://www.uscis.gov/i-765>**.

### FRÈ POU RANPLI

Pou moun ki gen yon Fòm I-589 ki ann atant, pa gen okenn frè pou ranpli yon Fòm I-765 men ou pa ka ranpli jiskaske aplikasyon azil ou soumèt la gen 150 jou.

Pou moun ki gen yon otorizasyon tanporè pou rete Etazini, gen yon frè pou ranpli ki se \$410. Pou aprann plis sou kalifikasyon pou egzanpsyon frè a, ale sou:

**<https://www.uscis.gov/forms/filing-fees/additional-information-on-filing-a-fee-waiver-haitian>**

## DETAY APLIKASYON AN

Dokiman ou pral bezwen bay kòm prè v pou Fòm I-765 se:

- Swa yon konpi Fòm I-94 ou a ki gen so sou li, Rejis Antre/Soti (devan ak dèyè), Enpresyon Fòm I-94 ou a, yon kopi paspò w, oswa lòt dokiman vwayaj;
- Yon kopi dènnye EAD ou a (si aplikab);
- Si ou poko resevwa yon EAD, yon kopi yon pyès idantite gouvènman te ba w; ak
- Fòm G-28 (si ou reprezante pa yon avoka oswa reprezantan ki akredite).

Si ou bezwen jwenn yon kopi Fòm I-94, ale sou <https://i94.cbp.dhs.gov/I94/#/recent-search>.

Si ou aplike pou yon EAD, USCIS ap voye desisyon an pou ou alekri.

Si aplikasyon ou an apwouve, swa nou voye EAD ou a pou ou pa lapòs oswa nou ka mande w pou ale nan biwo USCIS ki nan lokal ou pou pase pran l.

Si adrès ou a chanje, ou dwe modifye li. Ou kapab fè sa sou kont USCIS anliy ou an si ou ranpli fòm anliy ou an oswa ranpli Fòm AR-11, Kat Chanjman Adrès Etranje. Pou plis enfòmasyon sou jan pou w chanje adrès sou USCIS, ale sou <https://www.uscis.gov/addresschange>.


Jwenn yon kont  
sou entènèt



Ki jan yo kreye yon  
kont sou entènèt



Tcheke Eta Ka  
w la



Fòm Aplikasyon  
ak Enstriksyon  
EAD



Mande yon  
egzanpsyon  
frè



Chanje Adrès  
Ou



Jwenn I-94 ou

